



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ KI GEN 113 INITE NAN YONKERS

Summit on Hudson ranplase building ki delambre toupre estasyon ray Metro-North Yonkers la

Gen ladan 45 apatman ak sèvis sipò pou moun ki nan sityasyon sanzabri

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Summit on Hudson nan vil Yonkers, yon nouvo devlopman ki konplètman elektrik ak 113 apatman abòdab, ki gen ladan 45 ak sèvis sipò yo rezève pou moun ki nan sityasyon sanzabri Nouvo building sis etaj la byen sitiye nan yon distans preske yon km estasyon Yonkers sou Wout Ray Metro-North la.

"Finisman Summit on Hudson la ranplase yon bilding demode, ki pa itilize ak 113 apatman ki nesèsè anpil nan vil k ap pwospere sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an kontinye envesti nan kalite devlopman ki pote kay modèn abòdab nan kominote nou yo, sitou sa ki kapab bay Nouyòkè yo sipò sou plas yo ki te lite ak sityasyon sanzabri yo."

Nan senk ane yo ki sot pase la, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 4,500 lojman nan pri abòdab nan Westchester Summit on Hudson kontinye efò sa a epi li fè pati Plan Lojman Gouvènè Hochul 25 milya dola ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Tout apatman nan Summit on Hudson abòdab pou fanmi ki gen jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn nan. Yo mete karanssenk apatman sou kote pou moun ki nan sityasyon sanzabri ki pral gen aksè tou ak sèvis sipò sou plas ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi ki administre pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la.

Summit on Hudson se yon devlopman ki konplètman elektrik ki fèt pou konfòme ak estanda pwogram Nouvo Konstriksyon Lojman pou Plizyè Fanmi Energy Star la. Devlopman an te resevwa yon prim Buildings of Excellence Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) an 2021, ki rekonèt

ak rekonpanse konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon building pou plizyè fanmi ki rezistan ki favorab pou klima ki pi an sante pou rezidan yo ak kominote yo. Li pral genyen tou yon sistèm solè sou plas, estasyon rechaj machin elektrik ak yon anvlòp ki trè izole. Rezidan yo gen aksè ak yon varyete ekipman, ki gen ladan yon lakou, yon sal rekreyasyon pou timoun, ak yon veranda nan 6èm etaj ak panorama sou Rivyè Hudson ak Palisades.

Finansman Eta a gen ladan 26.4 milyon dola nan Kredi Taks pou Lojman pou Moun ki gen Revni ki ba yo ak 3.3 milyon dola nan sibvansyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York. NYSERDA te bay pwojè a 1 milyon dola atravè Konpetisyon Buildings of Excellence epi li ap bay tou 465,700 dola atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Plizyè Fanmi an ak 165,288 dola nan Pwogram NY-Sun lan. Vil Yonkers ap bay 600,000 dola nan finansman HOME. Devlopè ak founisè sèvis sipò a se Westhab.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Nouvo devlopman sa a baze sou travay resan nou an nan Yonkers epi li pote plis pase 100 apatman modèn, ki byen sitiye tou pre transpò piblik, nan vil k ap pwospere sa a. Summit on Hudson montre konsantrasyon Gouvènè Hochul la sou kreye opòtinite lojman abòdab kote yo pi bezwen li ak pou popilasyon vilnerab ki bezwen sèvis sipò pou pwospere. Nou remèsye patnè nou yo pou travay san pran souf yo pou fè jou sa a posib."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA fyè pou l envesti nan lojman abòdab, ki bay sipò nan Summit on the Hudson nan Yonkers, ki gen konsepsyon ak konstriksyon building ki rezistan fas ak klima, enèji solè ak efikasite enèji. Rezidan yo pral benefisye espas pou viv ki modèn, konfòtab ki byen sitiye nan sèvis lokal yo epi ki gen pi ba pri pou operasyon ak enèji.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen fyè ke Kredi Enpo federal nan Lojman pou Moun ki gen Revni ki Fèb yo ke mwen te goumen anpil pou pwoteje epi elaji a te ede fini Summit-on-Hudson nan Yonkers, pou fè yon building delambre tounen yon devlopman lojman abòdab, tout elektrik. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou travayè yo pou bese pri ki elve sa yo. Mwen bat bravo pou travay Gouvènè Hochul fè pou ogmante aksè ak lojman abòdab nan Konte Westchester ak atravè New York, epi mwen pral kontinye travay pou bay resous federal pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak lojman."

Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Jodi a se yon lòt etap nan direksyon pou ogmante rezèv lojman abòdab nan kominote nou an, epi tou pou adrese lojman ki nesese anpil pou moun ki nan sitiyaasyon sanzabri yo. Summit on Hudson pral ofri yon total de 113 inite, ak kèk nan inite sa yo rezève pou fanmi ak jèn adilt ki nan sitiyaasyon sanzabri. Bati lojman ak dènye teknoloji vèt se tou yon investisman nan kominote nou yo ak dirabilite lojman, epi li ankouraje yon avni lojman abòdab ki gen bon jan kalite ak dirab."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen trè kontan lè yo fini 113 nouvo inite lojman abòdab nan Vil Yonkers, ki gen ladan 45 inite ki deziyen pou moun ki nan sitiyaasyon sanzabri. Li enpòtan pou nou gen patenarya solid pou kontinye abòde kriz abòdabilite nan eta a epi pou bay sipò vwazen nou yo bezwen. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la pou devouman yo pou pote lojman abòdab, ki konplètman elektrik nan Konte Westchester, ansanm ak sèvis sipò pou kominote nou an. Mwen remèsye Westhab tou pou lidèchip yo."

Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare, "Kòm bezwen pou lojman abòdab pa janm te pi gwo pou kominote nou an, Summit on Hudson se egzakteman sa nou bezwen nan Yonkers. Mwen bat bravo pou tout moun ki gen enterè yo nan fè sa rive epi mwen pa ka tann pou kominote nou yo kontinye gen devlopman entelijan tankou Summit on the Hudson."

Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak vizyon li pou Summit on Hudson nan Yonkers. Devlopman sa a pral ofri 113 inite lojman abòdab, ansanm ak 45 inite lojman sipò pou moun ki se ansyen sanzabri ak sèvis sipò enpòtan yo bay isit la sou plas. Enpak pozitif ke pwopriyete Westhab tankou Summit on Hudson genyen sou lokatè li yo, pa ka souzestime. Rezidan ki rele inite sa yo lakay yo ap viv nan nouvo apatman ki atiran ak ekipman modèn, ansanm ak yon sistèm sipò ki pozisyon yo pou yo reyisi."

Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare, "Gran ouvèti bèl nouvo devlopman lojman sa a se yon lòt egzanp ankò sou fason Vil Yonkers ak patnè tankou Westhab ak Eta New York ap travay ansanm pou revitalize kominote nou yo ak bon jan kalite lojman ki bati yon fason abòdab. Nou espere akeyi nouvo rezidan yo, fanmi yo epi ba yo opòtinite pou yo pwospere ak pran rasin nan avni yo isit la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)